



Ede pitit ou pwogrese nan Lekòl: Develope abitud pou timoun nan ale lekòl bone Pwogrese nan lekòl mache menn nan lamenn avek rive lekòl bone!

ESKE OU TE KONNEN?

- Depi nan kindergarten, si timoun nan manke tròp jou lekòl, sa ka fel anreta nan fòmasyon l.
- Le timoun nan manke 10% (osinon 18 jou) sa kapab pi difisil pou timoun nan aprann li.
- Menm si timoun nan manke de ou twa jou nan senmen an sakap fe l anreta nan fòmasyon l.
- Le timoun nan anreta, li pa repon apel klas li ale.
- Presans nan klas ka afekte tout klas la le pwofesè a oblije rete pou l ede timoun nan kite absans an.

Yon timoun ki vini lekòl chak jou ap genyen yon pibon santiman osijè lekòl epi osijè yo tèt yo. Abitud sa a konmanse nan klas matènel kote timoun yo apran ke ale lekòl chak jou epitou rive bone trè enpotan. Lè timoun yo toujou repon presan nan klas, sa pral ede yo bay pi bon randman nan lekòl segondè, nan kolèj, epi kote yap travay.

KI SA OU KA FE?

- Fikse yon lè pou timoun nan domi, yon lè pou l leve.
- Aswè avan li kouche, prepare rad ak valis li davans.
- Chache konnen ki jou lekòl a louvri epi fe timoun nan pran vaksen ke yo bezwen.
- Fe timoun yo fe konesans ak pwofese yo epi ak lòt elèv ki nan klas yo avan lekòl la kòmanse pou rand peryòd tranzisyon pi fasyil.
- Pa kite pitit ou rete lakay amwenske li vrèman malad. Sonje plenyen lestomak ak tèt fè mal kapab se yon siy enkyetid ki pa yon rezon pou rete lakay.
- Si pitit ou ya samble li sou tansyon lè li dwe ale lekòl, pale ak pwofese li yo, konseye lekòl la ak lòt paran pou mande konseye sou ki jan ou ka fe l konfòtab epi gen pasyon pou aprann.
- Prepare lòt plan pou ale lekòl la si yon bagay ta rive. Rele yon manb nan fanmi an, yon vwazin osinon yon lot paran.

KI LE ABSANS LA VINI YON PROBLEM?



ABSANS REPETE
18 fwa osinon plis
toujou

PREKOSYON
10 ak 17 jou

SATISFAKSYON
9 jou absans pou pi
piti

Pou plis enfòmasyon konsenan dispozisyon sa yo lekòl pran, vizite: attendanceworks.org and reachoutandread.org